

Fèy Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ) Pay It Off 2021 (Haitian Creole)

Remak: Pou kalifye pou Pay It Off, paran ki p ap viv ak timoun yo dwe gen yon dèt pèmanan yo dwe Depatman Sèvis Sosyal NYC (NYC Department of Social Services, NYC DSS). Gade Kesyon nimewo 3 pou plis enfòmasyon.

1. Poukisa mwen jwenn feyè sa a?

Ou te resevwa feyè sa a paske ou gen omwen 400 dola dèt pou sipò timoun epi ou dwe leta/Depatman Sèvis Sosyal (DSS) NYC a omwen 200 dola nan dèt sa a. Vil New York ap fè yon òf limite nan tan an pou ede ou redui kantite dèt sipò timoun ou dwe a.

2. Kijan pwogram sa a fonksyone?

Soti 1ye mas 2021 pou rive 31 mas 2021 (**pwolonje jiska 30 avril 2021**). ou dwe fè yon peman minimòm 200 dola pou dèt ou dwe NYC DSS la yon fason pèmanan epi siyen ak soumèt akò Pay It Off la. Apre ou satisfè sipò ou ye kounye a pou la mwa mas ak avril, nou pral mete menm kantite ak peman ou lè ou diminye dèt ou.

Men yon egzanp:



EGZANP	Pèman ki Fèt nan mwa mas	300 dola
Mwens (-)	Sipò aktyèl total oswa obligasyon chak mwa mas ak avril (si genyen)	75 dola
Egal (=)	Revni ki Rete a	225 dola
Plis (+)	Montan ki egal la	225 dola
Total (=)	Total ki aplike a pou redui dèt sipò timoun lan	450 dola

Fason ki pi fasil pou genyen yon rediksyon se lè w:

- fè youn oswa plis peman pandan la mwa mas ak avril (gade kesyon ak repons nimewo 9); ak
- soumèt yon kopi Akò Pay It Off ki siyen an bay OCSS anvan 30 avril 2021 (gade kesyon ak repons nimewo 10).

3. Kisa sa vle di dèt pèmanan ou dwe Depatman Sèvis Sosyal NYC (Department of Social Services, DSS)?

Dèt Sipò Timoun ou dwe DSS ogmante jeneralman lè yon timoun resevwa Èd Lajan Kach oswa si yon timoun nan Fanmi Dakèy epi paran ki p ap viv ak timoun lan pran tan pou fè peman yo dapre òdonans tribinal la.

Pou patisipe nan Pay It Off, ou dwe gen yon minimòm 200 dola dèt sipò timoun w ap bay NYC DSS anpèmanans. W ap resevwa tout montan ki egal yo, si ou dwe omwen 400 dola paske si w dwe sèlman 200 dola epi w peye 200 dola anplèn, pa gen montan ki koresponn y ap peye a. Si ou gen sèlman dèt ki pa atribye oswa dèt ou dwe paran k ap viv ak timoun lan, ou pa ka patisipe.

(Kontinye)

Lè w patisipe nan yon pwogram medyasyon, sa ka ankouraje konvèsasyon avèk paran k ap viv ak timoun lan pou konsidere redwi dèt ou dwe li a. Gade nan feyè Sèvis Medyasyon an sou sit entènèt nou an: nyc.gov/hra/ocss.

4. Poukisa mwen pa kalifye pou pwogram lan si mwen sèlman gen dèt pou paran k ap viv ak timoun lan men mwen pa gen dèt pou DSS?

Nou sèlman gen otorite pou redwi dèt ou dwe leta a/DSS.

5. E si mwen pa ka peye yon minimòm 200 dola?

Pwogram patikilye sa a an mande pou ou peye yon minimòm 200 dola pou aryere yo pou pwofite òf limite nan letan an. Sepandan, si ou fè nenpòt peman pou dèt sipò tmoun ou an ap avantaj pou ou nan lòt fason. Ou ka anmezi pou evite lòt mezi aplikasyon lalwa kote sa aplikab. Ou kapab enskri tou pou Pwogram Aryere Kredi nou an, ki egzije sèlman pou w peye obligasyon chak mwa sipò pou timoun aktyèl ou a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a lè w al li Kesyon nimewo 6 anba a.

6. Kisa ki Pwogram Kredi Aryere a?

Pwogram Kredi Aryere yo pèmèt ou kalifye pou jiska 5000 dola kredi pou aryere w ap bay DSS anpèmanans apre ou toujou peye tout montan obligasyon tribinal la òdone ou pou yon ane konplè ki kòmanse nan jou ou siyen akò Pwogram Kredi Aryere a. Ou ka kalifye pou jiska 3 lane epi genyen yon kredi ki rive jiska 15000 dola an total.

Si ou enskri nan Pwogram Kredi Aryere yo menm moman ou enskri pou Pay It Off epi ou kalifye, ou kalifye pou jwenn yon rediksyon siplemantè ki rive jiska 1000 dola nan dèt ou dwe leta NYC/DSS la.

Men yon egzanp:



EGZANP	Peman yo te fèt nan mwa mas ak avril	300 dola
Mwens (-)	Sipò aktyèl total oswa obligasyon chak mwa nan mwa mas (si genyen)	75 dola
Egal (=)	Revni ki Rete a	225 dola
Plis (+)	Montan ki koresponn y ap peye a	225 dola
Plis (+)	Akò sou Plafon Aryere ki Siyen yo	1000 dola
Total (=)	Total ki aplike a pou redui dèt sipò timoun lan	1450 dola
Plis (+)	Nan mwa mas oswa avril 2022 si tout peman sipò timoun yo te fè	5000 dola
Plis (+)	Nan mwa mas oswa avril 2023 si tout peman sipò timoun yo te fè	5000 dola
Plis (+)	Nan mwa mas oswa avril 2024 si tout peman sipò timoun yo te fè	5000 dola
Total (=)	Total ki aplike a pou redui dèt DSS lan	16450 dola

Pou paran ki p ap viv ak timoun lan ki gen plizyè kont, yo ka aplike kredi siplemantè sou chak kont endividyèl jan sa apwopriye.

(Kontinye)

7. Èske sa vle di mwen jwenn yon lòt rediksyon 5000 aryere si mwen enskri pou Pwogram Kredi Aryere (Arrears Credit program) a lè mwen enskri pou Pay It Off?

Non. Li pran yon ane peman regilye ak konplè sipò timoun pou resevwa 5000 dola kredi a ke ou ka kalifye pou li atraavè Pwogram Kredi Aryere a. Ane sa a kòmanse nan jou ou siyen akò sou Pwogram Kredi Aryere a. Ou ka kalifye pou jiska 3 lane epi genyen yon kredi ki rive jiska 15000 dola an total. Gade egzanp nan Kesyon nimewo 6 anwo a.

Jan sa mansyone nan Kesyon nimewo 6 la, ou pral jwenn yon rediksyon dèt bonis siplemantè ki rive jiska 1000 dola pou enskri nan menm moman ak Pay It Off.

8. Ki metòd peman mwen ka itilize?

Ou ka fè yon peman pa:

- chèk sètifye, chèk pèsònèl, oswa manda peman ki fèt sou non NYS Child Processing Processing Center, avèk dimewo dosye w la ak "Pay It Off" ekri nan seksyon memo a, epi voye nan lapòs bay NYS Child Processing Processing Center, PO Box 15363, Albany, NY 12212-5363
- kat debi (ki dwe Visa oswa MasterCard) oswa kat kredi, vandredi 9am jiska 5pm, nan telefòn sou 929-252-5201 (ou p ap peye)
- sèvis peman sou entènèt, gade https://www.childsupport.ny.gov/dcse/non_custodial_parent_services.html#payOL

REMAK: Nou p ap peye montan korespondan ki kolekte yo pran sou chèk ou, yon sezi, oswa entèsèpsyon taks. Epitou, sipò timoun aktyèl la (montan òdonans tribinal la di yo dwe peye chak mwa) peye an premye. Nenpòt lajan ou peye ki pi plis pase montan tribinal la te òdone pou peye chak mwa pral egal ak itilize pou redui dèt la.

9. Èske mwen ka fè plis pase yon peman pandan mwa mas ak avril? Pou egzanp, si mwen peye 1000 dola nan premye semèn pwogram nan ak nan dezyèm semèn pwogram nan mwen ka jwenn yon lòt 1000 dola, èske mwen ka fè de (2) peman?

Wi, ou ka fè plis pase yon peman, toutotan peman yo afiche sou kont ou nan dat fen pwogram lan ki se 30 avril 2021 epi ou te siyen epi voye ale akò w lan anvan dat fen pwogram lan.

(Tounen paj la)

10. Kijan pou mwen soumèt Akò Pay It Off la ak/oswa aplikasyon Pwogram Kredi Aryere a?

Pou kòmanse, telechaje Akò Pay It Off la sou nyc.gov/payitoff. Ranpli epi siyen akò a, epi apre sa soumèt li jan sa a:

Nan Imèl bay dcse.cseweb@dfa.state.ny.us

oswa

Nan Lapòs nan:

Biwo Sèvis Sipò Timoun

Pay It Off

PO Box 830

Canal Street Station

New York, NY 10013

Ou ka telechaje aplikasyon Pwogram Kredi Aryere a sou nyc.gov/ocss-debt-reduction. Soumèt li atravè imèl oswa nan lapòs jan sa endike anwo a ansanm ak aplikasyon Pay It Off la.

11. Konbyen dèt mwen dwe?

Kontakte OCSS pou konnen balans kont ou a:

- IMÈL dcse.cseweb@dfa.state.ny.us. Tanpri mete nimewo dosye Sipò Timoun ou an ak imèl ou a.
- MANDE yon randevou nan telefòn ak travayè Sèvis Kliyantèl la lè ou voye yon imèl bay dcse.cseweb@dfa.state.ny.us. Tanpri bay non ou, nimewo dosye Sipò Timoun lan, yon deskripsyon enkyetid ou a (yo), nimewo telefòn, ak pi bon moman yo ka jwenn ou. Antre nan "Requesting a Customer Service Appointment" (Mande yon Randevou Sèvis Kliyan) nan liy sijè imèl ou an.
- RELE 888-208-4485, Liy Èd Sipò Timoun Vil New York la.
- VOYE nan lapòs nan adrès OCSS, PO Box 830, Canal Street Station, New York, NY 10013.

12. Si mwen peye 500 dola, konbyen y ap kredite sou dèt mwen an?

Sa pral depann de detay dosye espesifik ou a. Pou egzanp, si ou peye 500 dola, dèt ou a ka redwi otan jiska 1000 dola jiska kantite lajan ou dwe a. Egzanp nan Kesyon nimewo 2 ak 6 la ka itil.

(Kontinye)

13. Ki moun ki jwenn lajan an si mwen gen dèt pou ni DSS ak paran k ap viv ak timoun lan?

Yo pral distribiye lajan ann akò avèk règleman distribisyon federal yo. Anjeneral, peman ou resevwa yo premyèman debouse bay paran k ap viv ak timoun lan epi apre sa bay DSS. Pou jwenn plis enfòmasyon sou detay dosye w yo, ou kapab:

- IMÈL dcse.cseweb@dfa.state.ny.us. Tanpri mete nimewo dosye Sipò Timoun ou an ak imèl ou a.
- MANDE yon randevou nan telefòn ak travayè Sèvis Kliyantèl la lè ou voye yon imèl bay dcse.cseweb@dfa.state.ny.us. Tanpri bay non ou, nimewo dosye Sipò Timoun lan, yon deskripsyon enkyetid ou a (yo), nimewo telefòn, ak pi bon moman yo ka jwenn ou. Antre nan “Pay It Off Requesting a Customer Service Appointment” nan liy sijè imèl ou an.
- RELE 888-208-4485, Liy Èd Sipò Timoun Vil New York la.
- VOYE nan kourye lapòs nan adrès “OCSS – Pay It Off, PO Box 830, Canal Street Station, New York, NY 10013”.

14. E si mwen soumèt peman mwen (yo) sèlman epi mwen pa ranpli yon akò?

Ou p ap kalifye pou egalite Pay It Off la san yon akò ki siyen. Ou dwe ranpli, siyen epi retounen akò a anvan 30 mas 2021. Gade Kesyon Moun Souvan Poze nimewo 10 lan.

15. Si mwen dwe yon lòt Eta oswa yon lòt Konte lajan, èske mwen toujou kalifye pou pwogram nan?

Non, egalite pou pwogram sa a limite a lajan ou dwe leta NYC/Depatman Sèvis Sosyal.

16. Èske mwen kalifye pou patisipe nan Pwogram Pay It Off ane sa a si mwen te patisipe nan ane anvan yo?

Wi.



Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa yon andikap?

Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou konprann avi sa a oswa pou fè sa avi sa a mande a? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou pou jwenn lòt sèvis nan HRA? **Nou ka ede w.** Rele nou nan **212-331-4640**. Ou ka mande èd tou lè w vizite yon biwo HRA. Ou gen dwa pou w mande kalite èd sa a dapre lalwa.